

SIJÈ DISKISYON

**Kenbe Florid ...
jan I sipoze ye a**

“Fòmil Florid la” | Sèvis lokal yo sipòte kalite lavi Florid la ki san parèy.



Florid gen youn nan sistèm taks ki pi efikas nan peyi a – sa nou rele “Fòmil Florid la”. Sa vle di mwens taks, mwens règleman, epi dola taks lokal yo depanse dirèkteman nan kominote nou yo.



Fòmil sa a asire sèvis lokal ki efikas, e yo ka konte sou yo, tankou sekirite piblik, dlo pwòp, pak, ak wout-ki koute mwens epi ki mache pi byen isit la pase nenpòt lòt kote.



Lè yo kenbe taks sou pwopriyete yo lokal sa pwoteje kalite lavi nou an ki san parèy: katye ki an sekirite, enfrastrikti moun ka fè konfyans, ak amenajman kominote a bezwen.



Se pa politisyen ki te fè plan sistèm taks sou pwopriyete Florid la—se pwopriyetè kay ki te kreye I epi se elektè yo ki te apwouve I. Se poutèt sa li delivre egzakteman sa rezidan yo atann: sèvis lokal ki efikas, abòdab, epi reyaktif.

“Dola ak desizyon” yo dwe rete pre lakay



Kounye a, yo depanse dola taks pwopriyete lokal ou isit la lakay nou, nan kominote nou an. Ou ka wè egzakteman ki jan yo itilize dola taks ou yo epi konsidere nou dirèkteman responsab.



Si nou deplase “dola ak desizyon” sa yo nan Tallahassee sa vle di nou bay lejislatè ak biwokrat ki byen lwen yo kontwòl, yon seri moun ki pa konnen bezwen kominote nou an tankou ou menm avèk mwen.



Lè n kenbe dola taks ak desizyon yo lokal sa prezève transparans, obligasyon pou rann kont, ak kapasite reyakson—sa ki pwoteje vwa w ak priyore w yo.

Taks sou pwopriyete



Kenbe pwoteksyon elektè yo te apwouve ki pwoteje pwopriyetè kay yo.



Anpil politisyen—ak pwopriyetè gwo biling komèsyal yo—okòmansman te opoze li, men elektè Florid yo te apwouve “Save Our Homes,” yon amannman konstitisyonèl ki fèt pou pwoteje pwopriyetè kay aplantan nan Florid.



Pou pwopriyete prensipal, “Save Our Homes” limite ogmantasyon evalyasyon a twa pousan, kèlkeswa kantite valè kay ou a ogmante.



Si w te posede yon kay nan Florid pou plis pase dis ane, gen anpil chans sa a se pi gwo avantaj taks—nan men nenpòt nivo gouvènman an. E plis tan w ap viv nan Florid, se plis benefis sa a ap ogmante.



Si yo elimine sistèm taks pwopriyete “Moun Florid dabò” nou an se pa pral yon rediksyon taks. Omwen, pa pou moun Florid yo. Se pral yon chanjman taks ki voye depans yo sou pwopriyetè kay aplantan nan Florid atravè taks sou lavant ki pi wo, nouvo frè, oswa rediksyon nan sèvis lokal yo.

Konsènan taks yo, vil yo te kenbe kap la pandan pri yo te monte.



Kominote nou an te travay di pou kenbe to taks sou pwopriyete yo ba, menmsi inflasyon, asirans, ak depans materyèl yo te monte. Pa egzanp, depi COVID, depans pou fòme, ekipl, epi kenbe sèlman yon sèl ofisyè lapolis te ogmante anpil—sa ki ajoute presyon sou bidjè a menmsi nou limite taks yo.



Nou te konsentre sou pran desizyon bidjè ki entelijan pou bay sèvis ki efikas, ede kenbe depans ou yo pi ba sa posib.



Priyorite nou se bidjè ekilibre ak responsabilite sou plan fiskal, asire nou taks ou peye yo ale dirèkteman nan sèvis ou bay valè yo.



Taks sou pwopriyete

Risk pou ranvèse sistèm taks sou Pwopriyete Florid la



Ranvèsman sistèm taks sou pwopriyete Florid la pa pral rezoud pwoblèm aksesiblité yo.



Florid ap fè fas a yon kriz aksesiblité – epi ogmantasyon prim asirans kay ap pwopilse l.



Depans asirans pwopriyetè kay la te monte pa plis pase 100% nan jis twa zan, sa ki mete gwo presyon sou fanmi Florid yo.



Elimine taks sou pwopriyete pase chay yo sou rezidan aplentan yo.



Finalman, elimine sistèm taks sou pwopriyete "Moun Florid dabò" nou an pa pral gen rediksyon taks—omwen, pa pou ou. Se pral yon chanjman taks ki voye depans yo sou pwopriyetè kay aplentan nan Florid atravè taks sou lavant ki pi wo, novo frè, oswa rediksyon nan sèvis lokal yo.



Rezidan sezonye yo ak pwopriyetè kay ki andeyò eta yo gen anpil chans pou yo plis benefisyé, pandan rezidan pèmanan yo fè fas ak depans ki pi wo.




Politik santralize neglige bezwen lokal yo.



Santralize kontwòl taks sou pwopriyete nan Tallahassee vle di se lejislatè yo ki byen lwen ki pa konprann priorite lokal nou yo ki pral pran desizyon ki afekte kominote nou an.



Kominote nou an inik—e se konsa bezwen li yo ye tou. Kit se sekirite publik, enfastrikti, pak, wout, ti wout oswa yon pakèt lòt bagay ankò—sa pi bon pou se moun ki rete isit la ki pran desizyon pou vil la.





Kenbe Sekirite Piblik sou plan Lokal: Ou pa ka etenn Motè a epi w Toujou ap Kondui Machin nan



Sekirite piblik – depatman lapolis ak depatman ponpye w yo – reprezante pi gwo pati nan bidjè vil nou an – epi se taks sou pwopriyete ki sitou finanse l.*

*REMAK: Konfime deklarasyon sa a egzat pou kominate w la – oswa modifye l jan sa nesesè.




Lè w itilize fòs pou elimine sistèm taks sou pwopriyete nou an, sa ka lakoz gwo pwoblèm sekirite piblik la oswa sa ka lakòz frè yo ogmante.



Desizyon ki afekte lapolis lokal yo ak repons pou kadijans yo ta dwe se moun ki dirèkteman gen kont pou rann ou ki pou pran yo – lidè lokal yo – men se pa ofisyèl nan nivo eta ki dekonekte ak reyalite lokal nou yo.

Sistèm taks sou pwopriyete Florid la fonksyone paske se elektè yo ki te kreye l.



Sistèm taks sou pwopriyete aktyèl Florid la fonksyone avèk efikasite paske se elektè Florid yo ki te kreye l epi apwouve l.

Li ofri sa moun Florid yo espere: taks abòdab, obligasyon pou rann kont, ak rezulta vizib nan sèvis kominotè yo.

